FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT

KONNEN DWA OU YO: EVITE MOVE ITILIZASYON PSIKOTROPIK POU REZIDAN MEZON RETRÈT AK SWEN YO



Moun ki rete nan mezon retrèt ak swen ki gen demans ak lòt twoub kognitif yo resevwa souvan medikaman sikotwòp, byen defwa envolontèman, pou kontwole konpòtman rezidan yo. Yo rele sa restriksyon chimik.

LALWA REFÒM FEDERAL SOU MEZON RETRÈT AK SWEN GARANTI DWA OU POU:

- **Pa gen kontrent fizik oswa chimik ke yo enpoze sou ou kòm disiplin oswa pou konvenyans san ou pa bezwen yo pou trete sentòm medikal.**
- **Mande, refize, epi sispann tretman**
- **Patisipe nan preparasyon yon plan swen santre sou moun nan**
- **Se pou w byen enfòme davans sou swen ak tretman ke yo pral bay la, ansanm ak risk ak benefis tretman sa yo.**

LALWA FLORIDA EGZIJE:

- **Itilizasyon kontrent chimik yo konsistan avèk dyagnostik yon rezidan.**
- **Yon rezidan oswa reprezantan li dwe enfòme sou règleman ak pwosedi kontrent chimik etablisman an pandan admisyon an.**

KÈK KESYON POU POZE LÈ YO PRESKRI MEDIKAMAN

- **Poukisa yo kòmande medikaman sa?**
- **Èske medikaman sa apwouve pou trete sentòm mwen yo oswa maladi mwen an?**
- **Ki lòt opsyon ki pa medikaman ki disponib?**
- **Ki efè segondè ak risk medikaman sa a genyen?**

SIY ITILIZASYON PSIKOTROPIK KI PA APWOPRIYE

- Yon chanjman enpòtan nan konpòtman
- Ajitasyon ak kòlè
- Kriye, joure
- Frape ak mache anron
- Konfizyon, paranoya, deli
- Fè monte desann sanzarè
- Letaji, mank apeti, lensomni

Move itilizasyon dwòg psikotropik ka lakòz konplikasyon medikal grav:

- Twòp sedasyon
- Konfizyon
- Enfeksyon respiratwa
- Tonbe
- Konjesyon serebral (strok)
- Lanmò

DWÒG PSIKOTROPIK KE YO ITILIZE SOUVAN KÒM RESTRIKSYON CHIMIK

- Risperdal (Risperdone)
- Zyprexa (Olanzapine)
- Seroquel (Quetiapine Fumarate)
- Geodon (Ziprasidone Hydrochloride or Mesylate)
- Abilify (Aripiprazole)
- Invega (Paliperidone, Paliperdone Palmitate)
- Haldol (Haloperidol)
- Moban (Molindone Hydrochloride)
- Navane (Thithixene)
- Orap (Pimozide)
- Symbyax (Fluoxentine Hydrochloride, Olanzapine)
- Clozaril (Clozapine)
- Fazaclo (Clozapine)
- Depakote (Divalproex Sodium)
- Ativan (Lorazepam)
- Paxil (Paroxetine)
- Nuedexta (Dextromethorphan-Quinidine)

SOUPLE KONTAKTE FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT SI W'AP PASE PWOBLÈM AK MOVE ITILIZASYON MEDIKAMAN

https://www.floridahealthjustice.org

Dokiman sa a gen ladan enfòmasyon ki soti nan National Consumer Voice for Quality Long-Term Care. Vizite sit entènèt yo pou plis enfòmasyon ak resous pou konsomatè yo: https://theconsumervoice.org/issues/issue_details/misusing-antipsychotics